

BAB V KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar data hasil panalungtikan Kréativitas Waditra Kacapi Harmonian Karya Ubun Kubarsah. Kapanggih sababaraha hasil, kahiji prosés kréativitas Ubun Kubarsah salaku nu nyieun istilah kawih Kacapi Harmonian kasang tukangna tina ayana kaguligah nilik kana kamekaran kawih Sunda dina jaman ayeuna. Kawih Sunda nu geus sumebar di masarakat ti jaman ka jaman memang aya kréasi tapi acan katitén jeung jadi hal nu béda. Dina Kacapi Harmonian katitén yén kawih Sunda dijieun jadi hal nu anyar boh tina rumpaka jeung boh musikalna.

Satuluyna istilah harmonian ayana tina kecap harmoni nu hartina keselarasan atawa kacocogan. Nada tina gemyang handap nu péntatonis dibarungkeun jeung nada gemyang luhur atawa bas nu nada diatonis jadi sora nu harmoni jadi kadanguna galindeng sora nu éndah jeung ngeunah. Dina ieu hal katitén yén kawih Kacapi Harmonian antara sora vokal jeung nada saluyu ngaguluyur keuna silih adumnis. Dina Kacapi Harmonian aya nada nu ditambahan pikeun ngeuyeuban jeung nambahan kabutuhan sora vokal. Jadi dina waditra kacapi harmonian senar kacapi ditambahan nu asalna tina 20 senar, jadi 22 nepi 24 senar, kusabab dina waditra Kacapi Harmonian nada dina kacapi ditambahan. Dina waditra Kacapi Harmonian diwangun ku gemyang titi laras, gembang kahiji jeung kadua diwangun ku sora nada pentatonis laras nu ilaharna. Dina laras pelog *da-mi-na-ti-la*, dina laras madenda *da-mi-ni-ti-la*. Tuluy dina gemyang tilu jeung opat aya nada nu diselapan dina unggal gemyangna, susunannana *da-mi-na-ti-la-leu-da-mi-na-ti-la-leu*.

Kadua, tina hasil analisis panalungtikan Peran jeung fungsi Kacapi Harmonian, réa dipakéna dina calagara nu mintonkeun kasenian Sunda maké waditra kacapi. Satuluyna nurutkeun Hendrayana Kawih Kacapi Harmonian bisa ditarima ku masarakat sabab aya nimbulkeun éstétika anyar nu henteu

konvensional, nu ilaharna masarakat Sunda ngadangu laras atawa nada péntatonis

Moch. Yoga Agung N, 2024

KREATIVITAS WADITRA KACAPI HARMONIAN KARYA UBUN KUBARSAH (ULIKAN PERAN, FUNGSI, JEUNG SEMIOTIK)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ku ayana kawih gaya harmonian aya sora nada atawa laras anu anyar, nu satuluyna masarakat mikaresep jeung mikalandep kana Kawih Kacapi Harmonian.

Katilu, dumasar kana analisis sémiotik, katitén yén dina Waditra Kacapi Harmonian mibanda unsur-unsur anu kapaluruh nyoko kana analisis sémiotik tiori Peirce anu ngawengku ikon, indéks, jeung simbol. Dumasar hasil analisis ngeunaan unsur sémiotik dina Waditra Kacapi Harmonian, katién anu pangréana kapaluruh nya éta simbol. Lantaran kabudayaan manusa raket patalina jeung simbol-simbol. Saperti anu ditétélakeun ku Sobur (2017, kc. 177), yén kabudayaan ngawengku gagasan-gagasan, simbol-simbol, jeung ajén-inajén minangka hasil karya jeung manusa, saperti dina babasan “kacida raketna antara kabudayaan manusa jeung simbol-simbol, nepi ka manusa disebut mahluk jeung simbol-simbol. Manusa miboga akal, rasa, jeung sikep kalawan *ungkapan-ungkapan* anu simbolik.”.

Kaopat, dumasr hasil analisis Peran jeung fungsi Kacapi Harmonian di masarakat ayeuna katitén dina sumebarna kawih-kawih gaya Kacapi Harmonian nu réa dipakéna dina calagara nu mintonkeun kasenian Sunda make waditra kacapi. Satuluyna nurutkeun Hendrayana Kawih Kacapi Harmonian bisa ditarima ku masarakat sabab aya nimbulkeun éstétika anyar nu henteu konvensional, nu ilaharna masarakat Sunda ngadangu laras atawa nada péntatonis ku ayana kawih gaya harmonian aya sora nada atawa laras anu anyar, nu satuluyna masarakat mikaresep jeung mikalandep kana Kawih Kacapi Harmonian.

Dina jaman ayeuna ogé Kawih Kacapi Harmonian jadi pangajaran nu geus jadi dasar dina téknik pola pirigan kacapi. Nu balukarna nonoman ayeuna dina prak-prakanna boh dina pangajaran formal atawa nonformal kawih gaya Kacapi Harmonian geus dipaké pikeun bahan pangajaran nu kalintang pentingna. Éta hal dibalukarkeun kusabab masarakat jaman ayeuna geus mikaresep jeung mikalandep kana Kawih Kacapi Harmonian.

5.2 Implikasi

Hasil tina ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun maluruh peran fungsi

sarta unsur sémiotik nu nyangkaruk dina Waditra Kacapi Harmonian, nu ditujukeun pikeun masarakat umum sangkan bisa ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan kasenian

Moch. Yoga Agung N, 2024

KREATIVITAS WADITRA KACAPI HARMONIAN KARYA UBUN KUBARSAH (ULIKAN PERAN, FUNGSI, JEUNG SEMIOTIK)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

nu aya di tatar Sunda, salah sahijina Kawih Kacapi Harmonian Lian ti éta ieu panalungtikan miharep sangkan bisa dijadikeun tarékah dina ngajaga katut ngamumulé budaya Sunda pikeun dipikawanoh ku masarakat séjén.

5.3 Rékoméndasi

Dumasar hasil panalungtikan, masih kénéh aya pasualan-pasualan ngeunaan Waditra Kacapi Harmoninan anu can kaguar ku panalungtik. Ku kituna, dipiharep sangkan aya panalungtikan satuluyna pikeun ngaguar pasualan-pasualan nu can kungsi dipedar dina ieu panalungtikan. Pikeun pihak-pihak nu patali jeung widang kabudayaan saperti sanggar seni, dipiharep bisa leuwih ngarojong kana Waditra Kacapi Harmonian, bisa ngadokuméntasikeun, sarta ngarévitalisasi ieu kasenian pikeun kapentingan atikan, pariwisata, sarta salaku seni pintonan nu mibanda édukasi ngeunaan kabudayaan. Pikeun pamaréntah saperti Dinas Pariwisata dan Kebudayaan Provinsi Jawa Barat, Kawih Kacapi Harmonian salaku kabudayaan daérah, dipiharep ayana tarékah ti pamaréntah pikeun ngarojong ieu kasenian sangkan tuluy mekar ogé bisa leuwih dipikawanoh ku masarakat umum, boh masarakat Jawa Barat boh masarakat luar Jawa Barat. Pikeun masarakat umum, dipiharep sangkan tetep ngarojong, mikaresep kana ieu kasenian, sarta ulah nepi ka mopohokeun kana budaya sorangan.

Seni Kawih Kacapi Harmonina tangtu bakal salawasna hirup tur mekar saupama para generasingora daék ngajaga, ngamekarkeun, tur ngawariskeun ka generasi satuluyna. Koncina nyaéta kudu bisa ngigelan jaman sangkan masarakat bisa tetep mikaresep kana ieu kasenian. Ieu kasenian mangrupa hasil karya urang Sunda, hususna masarakat Jawa Barat. Tangtu salaku urang Sunda kudu reueus kana budaya sorangan, ulah ngarasa géngsi atawa éra dina ngajaga, ngamekarkeun, tur ngawariskeun budaya Sunda. Ku kituna, sakabéh élemén nyaéta seniman, budayawan, masarakat, sarta pamaréntah kudu silih rojong pikeun lumangsungna ieu kasenian sangkan teu tumpur ku mekarna jaman.

Moch. Yoga Agung N, 2024

KREATIVITAS WADITRA KACAPI HARMONIAN KARYA UBUN KUBARSAH (ULIKAN PERAN, FUNGSI, JEUNG SEMIOTIK)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu